

Lèt pou lafanmi

Chè elèv ak fanmi elèv la,

Èske w konnen « yon moun nan peyi Etazini » manje 24 pent krèm ak 68 pent pèpèt mayi chak ane ? Èske w janm mande tèt ou kijan moun vin itilize nonm tankou sa yo ? Pwochen chapit nou an prezante analiz done yo – nonm, karakteristik oubyen lòt enfòmasyon ki ka mezire.


Ou pral dekouvri twa metòd pou mezire bagay òdinè - medyàn, mòd ak mwayèn. Men yon egzanp. Sipoze ou mande 15 nan zanmi ou yo pou yo di w konbyen fim yo te wè nan mwa ki sot pase a. Ou fè yon lis pou òganize done a.

0, 0, 0, 0, 0, 2, 2, 2, 2, 3, 3, 3, 3, 4, 6

- Medyàn lan se nonm ki nan mitan lis la, 2.
- Mòd la se nonm ki parèt pi souvan an, 0.
- Mwayèn lan se nonm ou jwenn si ou divize total la 30 fim – an pati egal ant tout zanmi ou yo. Mwayèn lan se $30 \div 15$ oubyen 2.

Alò, ou ka dedwi kòm konklizyon, an mwayèn, zanmi w yo te wè 2 fim nan mwa ki sot pase a.

Li enpòtan pou prezante done a ansanm ak analiz done yo. Ou deja abitye ak grafik bann epi ak koube frekans, men nan chapit sa a, w ap etidye istogram, dyagram tij-ak-fèy, doub dyagram bann ak reprezantasyon lineyè tou. Men yon reprezantasyon lineyè pou done ki anlè a.



Grafik ka fè li pi fasil pou wè regularite ki nan done yo epi pi fasil pou tire konklizyon tou. Kisa w ka wè byen klè nan reprezantasyon lineyè a men ki pat klè konsa lè yo te montre lis done a ?

Vokabilè Nan tout chapit la, ou pral wè nouvo tèm vokabilè sa yo :

distribisyon

istogram

reprezantasyon lineyè

mwayèn

medyàn

mòd

valè ekstrèm

etandi

dyagram tij-ak-fèy

Kisa w ka fè lakay ?

Pandan pwochen semenn yo, elèv ou an ka montre enterè nan done andeyò saldeklas la. Ou ka ede l reflechi sou diferan kalite done moun kolekte ak pouki - acha nan episri, sondaj pou pran opinyon nan telefòn, sondaj moun k ap vote nan eleksyon politik, oubyen konbyen fwa moun vizite yon sit entènèt.

